



Rezolisyon Nimewo 4

Rezolisyon Komisyon Revizyon Konstitisyon an pou akseptasyon Rapò Preliminè a ansanm ak rekòmandasyon pèsonèl la.

ALÒSKE, nan dat 12 desanm 2024 la, Majistra Vil Nouyòk la te etabli Komisyon Revizyon Konstitisyon an ("Komisyon" an) epi li te nonmen trèz moun pou syeje nan Komisyon an, dapre seksyon 36(4) ak 36(6)(d) nan Lwa sou Règleman Otonomi Minisipal Eta Nouyòk la; epi

ALÒSKE, pèsonèl Komisyon an te pibliye Rapò Preliminè Komisyon Revizyon Konstitisyon an nan dat 30 avril 2025 ki te idantifye domèn ki gen priorite yok e yo baze sou temwayaj Komisyon an te resevwa nan men piblik la, ajans vil la, ak fonksyonè leta yo; epi

ALÒSKE, Rapò Preliminè Komisyon Revizyon Konstitisyon an gen ladan l rekòmandasyon pèsonèl la fè Komisyon an konsènan lojman, eleksyon ak patisipasyon nan eleksyon, akizisyon ak peman òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo, klima ak enfrastrikti, ak modènizasyon Kat Vil la; epi

ALÒSKE, Rezolisyon sa a montre akseptasyon Komisyon an pou Rapò Preliminè Komisyon Revizyon Konstitisyon an kòm yon sentèz enfòmasyon Komisyon an te konsidere jiska prezan epi entansyon Komisyon an pou pran rekòmandasyon pèsonèl la yo an konsiderasyon pandan l ap detèmine pwopozisyon final Komisyon an pral prezante bay votè yo nan eleksyon jeneral 4 novanm 2025 la; epi

Kidonk, kounye a li DESIDE ke Komisyon an bay pèsonèl la lòd pou kontinye egzamine rekòmandasyon ki nan Rapò Preliminè a

Epi ke li DESIDE tou ke, Komisyon an ap kontinye ak revizyon Konstitisyon an anantye epi l ap konsidere tout lòt kesyon ki soulve nan odyans piblik yo, atravè temwayaj ekri, oswa pa pèsonèl la anplis de moun ki mansyone la yo, epi Komisyon an bay pèsonèl la lòd pou konpile tout lòt enfòmasyon yo rasanble pou Komisyon an ka egzamine yo nan kad preparasyon Rapò Final la;

Epi ke li DESIDE tou ke, Komisyon an bay pèsonèl la lòd pou prepare yon Rapò Final ak kesyon referandòm ak rezime ki konfòm ak direktiv ki anwo yo ansanm ak lòt amannman ke Prezidan an jije nesèsè ak apwopriye apre li fin enfòme Komisyonè yo, epi a kondisyon Rapò Final sa a ak kesyon referandòm yo ansanm ak rezime a reflekte pwopozisyon Komisyon an ansanm, dwe al jwenn Komisyon an pou li egzamine si wi ou non yo dwe mete pwopozisyon sa yo devan votè yo nan eleksyon jeneral ki pral fèt 4 novanm 2025 la.

Dat: 14 me 2025